A Mhepo Ina. Zvakazarurwa 7:1-3.

- ❖ Muchiporofita,mhepo dzinomirira hondo pakati pedzindudzi (Danieri 7:2). Mwari anogona kudzishandisa kuti aise mitongo yake (Jeremiya 51:1).
- ❖ Mwari haazombobvumiri Satani kuti aise hondo dzake dzekuparadza kusvikira vanhu vaMwari vanembwa. (Ezekieri 9:1-11).
- ❖ Chisimbiso ichi chinoshandiswa kuisa rupawo pazvinhu zvaMwari (2Tim. 2:19). Vanhu vaMwari vakaiswa chisimbiso na Mweya Mutsvene munhoorondo yose yavanhu (VaEfeso 1:13-14).

B Vanhu 144,000 vanonembwa. Zvakazarurwa 7:4-8.

- ❖ 144,000 inhamba yemufananidzo. Dai yaiva chaiyoiyo, ava 144,000 vaizova varume vechiJudha vasina kuwana vasina kumbobvira vatadza.Zvichienderana na Pauro,hazvigoneki (VaRoma 3:23).
- ❖ 12 akapetwa ka 12 zvinomirira vanhu vaMwari veku Testamende yekare uye ve Testamende Itsva.Chiuru chinoshandiswa mumagwaro echi Hebhuru kufanana ne "zhinji" (Dt. 32:30; 1S. 18:7; Is. 60:22).
- ❖ Rudzi rwa Dani haruverengwi nekuda kwokunamata zvifananidzo kwavo (Vatongi 18). Efuremu anotsiviwa na baba vake Josefa,pamwe nekuda kwekunamata zvifananidzowo (Hosiya 4:17).

C Vanhu vazhinjizhinji. Zvakazarurwa 7:9-17.

- ❖ Semumagwaro mamwe,Johani wakanzwa uye akavona (Zva. 1:10, 12; 5:5, 6; 9:6, 7). Johani akaona vose vakadzikinurwa.
- ❖ Vekupedzisira kunembwa varipakati pavo,boka rinozivikanwa kuti "vaya 144,000." Vose vakadzikinurwa vachatambira mubayiro panguva imwe cheteyo (VaHebheru 11:39-40).
- ❖ Nekuti "vakasuka nguvo dzavo vakadzichenesa muropa re Gwayana." (Zva. 7:14)
- ❖ Vakarwa kurwa kwekutenda,asi vanogona kumira ipapo nekungoti chete vakatambira kururama kwa Kristu ne nyasha.

D Zvibereko zvekutanga zvisina kusvibiswa. Zvakazarurwa 14:1-4.

- ❖ Mumazuva ekupedzisira,boka revanhu ava haringasvibiswi nemasangano akatsauka.Kana vave mu Bhabhironi zvino,vachamusiya (Zva. 18:1-4).
- ❖ Zvibereko zvekutanga, zvibereko zvakaisvonaka kubva pagoho,zvinopihwa kuna Mwari (Numeri 18:12).
- ❖ Iboka rakakosha nokuti vachashandurwa pakuuya kwa Kristu Kwechipiri vasina kutanga vafa.

E Vasina nhema kana chavangapomerwa. Zvakazarurwa 14:5.

- ❖ Hazvirevi kuti havana kumbobvira vatadza,asi kuti gwapa rose rechitema rabviswa nekuti "vakasuka nguvo dzavo … muropa re Gwayana."
- ❖ Havana chavangapomerwa sezvainge zvakaita Abhurahama kana Jobho (Genesisi 17:1; Jobho 1:1). Mukurarama kwose kwavanhu,Mwari anonga aine varume ne vakadzi vanenge vari rupande rwe sangano "isine gwapa,kana kuwonyana,kana chinhu chakadai,asi vatsvene vasine mhosva." (VaEfeso 5:27)
- ❖ Unogona kuvavo rupande rwe boka iri rakakosha.